



### Avi Chak Ane MetroPlusHealth Anrapò ak Enfòmasyon Konfidansyèl

MetroPlusHealth respekte dwa w genyen pou enfòmasyon w rete konfidansyèl. Avi a esplike fason nou trete enfòmasyon sou finans ak sante pèsonèl ki pa piblik ("Enfòmasyon") nou resevwa sou ou ak a nou fè pou kenbe yo konfidansyèl ak an sekirite jan Lwa Asirans Eta Nouyòk la mande sa (Reglèman 169).

Met sou sa, ou ka mande yon vèsyon tèks konplè **Avi sou Pratik ki Gen Rapò ak Konfidansyalite** MetroPlusHealth, ki dekri fason yo ka sèvi ak pataje enfòmasyon medikal ou yo dapre Lwa Federal sou Transfè ak Responsablite anrapò ak Asirans Maladi (HIPAA) nenpòt lè w kontakte Responsab Enfòmasyon Konfidansyèl MetroPlusHealth la. Enfòmasyon sa a disponib tou sou sit entènèt nou an ki se [www.metroplus.org/privacy-policies](http://www.metroplus.org/privacy-policies)

## Kalite Enfòmasyon

**MetroPlusHealth rasanble Enfòmasyon sou ou nan sous sa yo e yo ka pataje:**

- Enfòmasyon ou ba nou nan aplikasyon ak lòt fòmilè oswa ou di nou; epi
- Enfòmasyon sou relasyon w avè nou, founisè swen sante nou travay avè yo, ak lòt moun.

**Sa nou fè ak enfòmasyon w yo:  
Nou pa pataje enfòmasyon sou manm nou yo ak ansyen manm nou yo bay pèsòn, sof lè lalwa otorize sa.**

- Pou bay avantaj swen sante ou resevwa yo kòm yon manm nan MetroPlusHealth, pa egzanp, pou fè aranjman pou tretman ou bezwen ak pou peye pou sèvis ou resevwa yo;
- Pou kominike avè w sou pwogram ak sèvis ki disponib pou ou antanke manm MetroPlusHealth; epi
- Pou jere biznis nou epi respekte egzijans legal ak règleman nou yo.

---

**Fason nou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl ou**

- Nou limite aksè nan enfòmasyon w yo bay anplwaye ak lòt moun ki bezwen yo pou fè travay MetroPlusHealth oswa pou respekte egzijans legal ak reglemantè.
- Anplwaye ap resevwa sanksyon, e nou ka revoke yo, si yo vyole politik ak pwosedi pwoteksyon pou enfòmasyon konfidansyèl nou yo.
- Nou itilize prekosyon fizik, elektwonik ak pwosedi pou kenbe Enfòmasyon konfidansyèl ak pwoteje selon lwa onivo eta ak federal yo.

---

**Ansyen Manm**

- Si w pa manm MetroPlusHealth ankò, enfòmasyon w yo ap rete pwoteje dapre politik ak pwosedi nou yo pou manm nou genyen kounye a.

---

**Kontakte MetroPlus**

- Mande plis enfòmasyon sou politik ak pratik pwoteksyon enfòmasyon konfidansyèl,
- Depoze yon plent ki gen pou wè ak vi prive devan nou, oswa
- Voye yon demann ekri pou yo analize enfòmasyon sou ou ki nan dosye nou yo.

**Sèvis Kliyan – MetroPlus Health Plan**

**50 Water Street, 7th Floor**

**New York, NY 10004**

- **Telefòn Jeneral:** 1-800-303-9626, 7 jou nan sèmèn nan, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.
- **Manm Medicare:** 1-866-986-0356, 7 jou nan sèmèn nan, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.
- **TTY:** 711

**Fason pou w kontakte MetroPlus san w pa bay non w:**

**Liy Dirèk Respè Règleman** (ou pa gen pou w bay non w e li ouvè 24 sou 24, 7 jou sou 7, 365 jou pandan ane a):

- Rele nan 1-888-245-7247
- Voye yon rapò sou entènèt lè w ale sou:  
<https://metroplus.org/about-us/privacy-policies>